

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

Pikeun ngaanalisis struktur jeung manggihan simbol-simbol budaya Sunda anu aya dina dongéng Sakadang Kuya jeung Monyé, dibutuhkeun métode anu luyu jeung tujuan ieu panalungtikan. Métode, sakumaha anu didéskrisikeun ku Endraswara (2013, kc.8) dianggap hiji cara atawa stratégi pikeun mahamkeun kanyataan (realitas), léngkah-léngkah sistematis pikeun mesék hiji pasualan. Pungsina pikeun ngabasajankeun pasualan, nepi ka leuwih babari dipikaharti.

Ieu panalungtikan mibanda tujuan pikeun mahamkeun struktur carita dongéng “Sakadang Kuya jeung Monyé”, ngungkab simbol budaya Sunda anu aya dina éta dongéng, sarta nafsirkeun ma'nana. Paradigma métodologis panalungtikan anu jadi tatapakan semiotik budaya nyaéta paradigma kualitatif. Anu dimaksud panalungtikan kualitatif di dieu nyaéta jenis panalungtikan anu dina meunangkeun hasil panalungtikanana henteu ngaliwatan prosedur statistik atawa utang-itung (Strauss & Corbin, 2013, kc. 4).

Pikeun ngahontal éta tujuan, ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptip kualitatif jeung métode hermeneutik. Tegesna, ieu panalungtikan henteu dipokuskeun pikeun ngajawab hiji hipotésis, tapi leuwih dipuseurkeun kana usaha nafsirkeun simbol-simbol anu kapanggih dina dongéng “Sakadang Kuya jeung Monyé” pikeun ngadadarkeun jeung ngécéskeun masalah-masalah anu ditalungtik. Dina prakna, métode deskriptip kualitatif pikeun ngumpulkeun, ngadéskrisikeun jeung ngaanalisis data jeung mahamkeun gejala sosial anu aya patalina jeung data, sedeng métode hermeneutik pikeun nafsirkeun ma'na anu aya satukangeun data-data anu kapanggih

Métode kualitatif nurutkeun Ahmadi (2014, kc. 14) cocog pikeun ngadéskrisikeun pénoména anu datana mangrupa kecap-kecap (ucapan), tingkah laku (paripolah), atawa dokumén, jeung tara dianalisis ku rumus-rumus statistik, tapi dina wangun narasi. Ieu konsép leuwih nekenkeun kana pentingna sipat data anu kapanggih, nyaéta data ilmiah. Anu dimaksud data ilmiah pangpangan anu kapanggih tina hasil ungkara langsung ti subyéék panalungtikan. Ku kituna métode

kualitatip sok disebut ogé multimétode lantaran dina prungna panalungtikan ngawengku sajumlahin gejala sosial anu aya patalina. Upamana dina panalungtikan dongéng “Sakadang Kuya jeung Monyét” tangtu bakal dipatalikeun jeung anu nuliskeunana, pangpangna lingkungan sosial tempat cicingna pangarang, kaasup unsur-unsur kabudayaanana.

Métode hermeneutik digunakeun lantaran dina karya sastra leubeut ku ma’na-ma’na anu kudu ditapsirkeun deui. Luyu jeung pamanggih Ratna (2013, kc. 44-45), dibandingkeun jeung métode-métode séjénna, hermeneutik mangrupa métode anu pangremenna digunakeun dina panalungtikan karya sastra. Hermeneutik dianggap métode ilmiah pangkolotna, anu geus aya ti mimiti jaman Plato jeung Aristoteles. Satuluyna Hadi (2014, kc. 33) nétélakeun hermeneutika dirancang pikeun ngungkab ma’na téks anu nyamuni, ku kituna napsirkeun téh mibanda peran pikeun nuyun anu maca nepi ka tempat di mana nyumputna éta ma’na. Pancén hermeneutika nyaéta napsirkeun ma’na jeung maksud kalawan obyéktip, sarta henteu kawatesanan ku pakta otonom anu ditulis tapi salawasna patali jeung kontéks (Hakim, 2014, kc.70).

Ku hal éta, métode déskriptif kualitatip jeung métode hermeneutik bakal sililengkepan dina prakna ngadadarkeun jeung ngaanalisis data, anu ngawengku tilu tahap:

1) Déskripsi

Dina tahap awal panalungtikan, data-data anu kapanggih jeung kakaumpulkeun patali jeung bahan panalungtikan, bakal didadarkeun kalawan obyéktif. Patali jeung ieu panalungtikan, bakal didéskripsikeun rupaning data anu patali jeung dongéng, pangpangna anu geus dikumpulkeun dina wangun buku. Data anu kakumpulkeun disusun tina data anu pangkolotna nepi ka anu panganyarna. Sabada disusun, tuluy dikelompokkeun data-data anu diperlukeun pikeun bahan panalungtikan. Data anu sarua sarta ngalaman parobahan dina nuliskeunana (ngadokumentasikeunana), dikelompokkeun sarta dina ngaanalisis strukturna bakal dihijikeun. satuluyna dikelompokkeun kecap-kecap anu ngandung simbol budaya nepi ka parobahan-parobahan tina éta data anu

kapangaruhan ku budaya anu aya dina waktuna éta dongéng ditulis. Tegesna, data anu didadarkeun téh sipatna informatip, anu méré gambaran kana wengkuan jeung ambahan panalungtikan .

2) Analisis

Sanggeus data kadéskripsikeun, mimitina dongéng-dongéng anu dijadikeun bahan panalungtikan dianalisis strukturna ngagunakeun téori Robert Stanton, anu ngawengku téma, pakta-pakta carita, jeung sarana carita. Satuluyna data dianalisis sarta dikelompokkeun dumasar kana tilu wujud kabudayaan (konsép, aktipitas, jeung barang). Hal ieu diperlukeun sangkan jéntré kagambar mana anu kaasup kana konsép/gagasan, mana anu kaasup aktipitas/tindakan, jeung mana anu kaasup barang. Pikeun tahapan satuluyna nyaéta interpretasi atawa napsirkeun. Tina data anu kakumpulkeun, pangpangna anu ngalaman parobahan simbol, ditapsirkeun gejala-gejala sosialna kalawan gemet sangkan bisa méré gambaran kana kasang tukang budaya anu jadi sabab musabab parobahanana.

3) Interpretasi atawa napsirkeun

Data anu geus dianalisis sarta dianggap penting pikeun némbongkeun kasang budaya masarakat anu ngagelarkeun éta dongéng. Dina tahapan ieu bakal ngagunakeun métode hermeneutik, nyaéta napsirkeun ma'na-ma'na anu nyamuni satukangeun simbol-simbol budaya anu kapanggih. Hasil interpretasi dipiharep mampu ngahasilkeun hiji dadaran anu obyéktip jeung sistematis minangka jawaban kana pertanyaan-pertanyaan anu dirumuskeun saméméhna.

3.1 Desain Panalungtikan


Desain panalungtikan mangrupa rarancang pikeun nuduhkeun gambaran poko ngeunaan hiji hal atawa tahapan-tahapan panalungtikan anu baris dipigawé.

Hal ieu kacida perluna pikeun ngajawab patalékan-patalékan anu jadi tujuan panalungtikan.

Sangkan leuwih jéntré, desain (prosedur) panalungtikan digambarkeun dina bagan di handap!

Bagan 3.1

Desain Panalungtikan



3. 2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Data panalungtikan nyaéta dongéng-dongéng “Sakadang Kuya jeung Monyét” anu geus didokuméntasikeun mangrupa buku. Tapi henteu sakabéh dongéng “Sakadang Kuya jeung Monyét” anu kapanggih dijadikeun data panalungtikan, lantaran anu eusina sarua najan béda versi sarta béda anu nulisna, anu dipaké data mah ngan hiji waé, iwal lamun dina éta data kapanggih parobahan-parobahan anu ngamunculkeun tapsir anu béda. Data anu model kitu sakabéhna bakal dijadikeun data panalungtikan anu ditapsikeun.

Data anu jadi bahan panalungtikan dikumpulkeun anu kapanggih tina lima buku, nyaéta:

- 1) Judul Buku : Pariboga; Salawé Dongéng-Dongéng Soenda
Pangarang : C. M. Pleyte
Wedalan : Kantor Tjitak Kangdjeng Goepnemén di Nagara
Batawi (Batavia Landsdrukkerij)
Citakan : Taun 1911
Kandel : 521 kaca
Ukuran Buku : 14,5 x 24,5 cm

- 2) Judul Buku : Gandasari (Boekoe Batjaan Pikeun Klas III di
Sakola
Soenda)
Pangarang : R. Rg. Sastraatmadja, M. Soemawidjaja, Soeria Di
Radja, diajak deui koe R. Momon Wirakoesoemah.
Wedalan : J.B. Wolters, Groningen, Djakarta
Citakan : Taun 1950
Kandel : 127 kaca
Ukuran Buku : 13,5 x 19 cm.

- 3) Judul Buku : Aker Dangse
Pangarang : Wahyu Wibisana
Wedalan : Rahmat Cijulang
Citakan : Kahiji taun 1983

- Kandel : 83 kaca
 Ukuran Buku : 14,5 x 21 cm.
- 4) Judul Buku : Lima Abad Sastra Sunda
 Editor : Wahyu Wibisana, Iskandarwassid, Tini Kartini
 Wedalan : Geger Sunten
 Citakan : Kahiji, bulan Juni taun 2000
 Kandel : 932 kaca
 Ukuran Buku : 14,5 x 20, 5 cm
- 5) Judul Buku : Suling Aing Tulang Maung
 Pangarang : Elin Sjamsuri
 Wedalan : P.T. Kiblat Guku Utama
 Citakan : ka-1, Rabiul Awal 1433 H./Februari 2012

Data dongéng “Sakadang Kuya jeung Monyé” anu dimuat dina lima buku di luhur, kawilang penting pikeun ngahontal tujuan panalungtikan, lantaran data-datana némbongkeun kasang budaya anu béda-béda, boh kasang budaya masarakatna boh kasang budaya pangarangna.

3.3 Téhnik Panalungtikan

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Data dina ieu panalungtikan dikumpulkeun ku cara studi Pustaka. Ieu téhnik digunakeun pikeun maluruh dongéng-dongéng “Sakadang Kuya jeung Monyé” anu geus didokumentasikeun dina wangun tulisan (buku). Tapi lamun dongéngna sarua, sok sanajan didokumentasikeun dina media anu béda, anu bakal dijadikeun bahan panalungtikan tina dokumentasi pustaka anu pangkolotna, iwal lamun dina éta dongéng ngalaman parobahan-parobahan dina ngagunakeun simbol budaya.

Téhnik ngumpulkeun data panaluntikan disusun dina tabél saperti di handap!

Tabel 3.1
Sumber Data Panalungtikan

No	Sumber Data	Jenis	Keterangan

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Pikeun ngolah data anu geus dikumpulkeun, dumasar kana léngkah-léngkah pikeun ngajawab tujuan panalungtikan. Téhnik anu digunakeun nyaéta téhnik distribusi langsung, anu léngkah-léngkahna dumasar kana padoman analisis téks dina tabél di handap!

Tabél 3.2
Padoman Analisis Téks Dongéng “Sakadang Kuya jeung Monyét”

1

No	Aspék Analisis	Dadaran
1	2	3
1	Dadaran (déskripsi) téks	Déskripsi téks mibanda maksud pikeun ngadadarkeun kontéks téks anu dianalisis. Hal ieu patali jeung anggapan yén téks téh teu bisa leupas tina kontéksna. Dina déskripsi téh di antarana dijéntrékeun ti mana éta téks kapanggihna (sumberna), ti mana asal-usulna, jeung kumaha posisina dina kabudayaan masarakat anu ngagelarkeunana.
2.	Ringkesan carita	Saméméh dianalisis, dongéng anu jadi bahan panalungtikan téh dituliskeun heula ringkesanana sangkan aya gambaran ngeunaan unsur-unsur jeung struktur eusina.
3.	Analisis téks	Analisis téks diperlukeun pikeun

No	Aspék Analisis	Dadaran
1	2	3
		<p>manggihan simbol-simbol budaya anu nyampak dina téks. Analisis téks ngawengku opat hal:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Analisis struktur teks anu dipuseurkeun kana struktur instrisik, anu ngawengku téma, pakta-pakta carita, jeung sarana-sarana sastra. 2. Milah-milah kecap dumasar kana indéks, ikon, jeung simbol 3. Analisis jeung napsirkeun kecap-kecap anu ngandung simbol budaya, 4. Dadaran pola carita anu kapanggih dina téks, sangkan kagambar parobahan-parobahan anu kaalaman ku éta téks. 5. Parobahan-parobahan simbol budaya anu digunakeun dina dokumén-dokumén anu kapanggih.
4.	Kacindekan	Sabada data dianalisis jeung ditapsirkeun, dijieun kacindekan tina hasil panalungikan.

3.4 Instrumen Panalungtikan

Lantaran ieu panalungtikan mangrupa panalungtikan kualitatif, anu dijadikeun instrumen panalungtikan langsung panalungtikna sorangan. Dina harti, panalungtik jadi alat panalungtikan pikeun ngumpulkeun jeung napsirkeun data-data anu nyampak dina téks dongéng “Sakadang Kuya jeung Monyét”.

Pikeun ngaanalisis simbol budaya Sunda dina wujud kabudayaan, ngagunakeun tabél instrumén data pikeun milah-milah kecap anu ngandung simbol budaya sangkan gampang ngabédakeunana. Tabél anu digunakeun, digambarkeun di handap!

Tabél 3.3
Instrumen Klasifikasi Data

No	Daptar Kecap	Wujud Kabudayaan			Interpretasi
		Konsép	aktipitas	Barang	
1	2	3	4	5	6

